

# Pale avè M-mete m sou wout SIKSÈ!

## 1 Plis ou pale, pi bon li ye.

Kantite pale bebe w tande pi enpòtan pase sa w ap di a, e bebe ak timoun ki piti sipoze tande anpil, anpil milye mo chak jou.

## 2 Se entèaksyon imen ki pi bon.

Radyo, televizyon oubyen mizik pa ranplase entèaksyon ak paran oubyen fanmi ak bebe w pou devlopman lengwistik.



## 3

### Men sa yon ekspè di:

Pale ak chante pou bebe se bagay pi enpòtan paran yo ka fè!

“Pwobableman pale ak paran se resous ki valab nan lemonn. Kèlkeswa lang la, kilti a, nyans vokabilè, oubyen estati sosyo-ekonomik, langaj se eleman an ki ede devlope sèvel la nan potansyèl optimal li. Nan menm fason, mank langaj se ènmi devlopman sèvel la.”<sup>1</sup>



EARLY HEARING DETECTION  
AND INTERVENTION  
[www.hearing.in.gov](http://www.hearing.in.gov)

## 4

### Pare pou Aprann!

Pale ak bebe nou prepare yo pou yo aprann ak reyisi nan lekòl la ak lavi.

## 5

### Pare pou Ale!

Timoun ki tande plis mo yo genyen plis chans pou yo fè byen lekòl, touche plis lajan e plis pare pou yo atenn objektif yo.

## 6

### Bati Sèvel.

Distans pou bebe w gen laj 4 lane, sèvel li ap fin devlope. Lè w pale, li, ak chante pou bebe ak timoun piti ou yo, ou bati sèvel yo e ede yo aprann tout bagay tankou kreyativite, rezolisyon pwoblèm ak disiplin tèt.

## 7

### Simonte advèsite.

Pa mwayèn, timoun ki sòti fanmi revni pi fèb yo tande jiska 30 milyon mo mwens distans pou katriyèm anivèsè yo pase kamarad yo ki soti nan fanmi revni pi wo yo. Sa a vle di yo kòmanse jadendanfan ak mwens pase 1/2 nan mo yo ki vle di yo ka gen plis chans pou yo tonbe dèyè nan lekòl la. **OU MENM**, ou ka fè yon diferans lè w pale ak bebe w.



<sup>1</sup>(Trant Milyon Mo, Bati Sèvel Timoun, Dana Suskind, M.D., p. 1, 2015.)

# Pale avè M-mete m sou wout SIKSÈ!

## Pale avè m sou sa w ap fè pandan lajounen.

Di bagay tankou "Manmi ap kwit dine. Chodyè sa a lou. M ap plen chodyè a dlo."



### Li.


Li pou pitit ou pandan omwens 15 minit chak jou. Lè w li pandan senk minit sa bay pitit ou 800,000 mo chak ane. Lè w li pandan 20 minit, sa ba yo 1,8 milyon mo chak ane.<sup>1</sup>

### Chante.


Chante chanson ak rim timoun. Chante ede sèvèl la detekte chanjman wotè nan lapawòl.

### Kesyon.

Pale sa nou tande. "Se yon avyon sa ye? Kote avyon an? Avyon vole nan syèl-ou wè?"



**Gade:** Videyo viral yon bebe k ap pale ak papa li ki pral fon kè w



## Konvèsasyon.

Pran tou koze ale retou avèk mwen.  
Ban m ti tan pou m repòn.

### Kote, moun, aktivite.

Pale ki kote w ale, sa ou fè la, ak ki moun ak kisa ou wè: espesyalman lè nou vwayaje ansanm.



EARLY HEARING DETECTION  
AND INTERVENTION  
[www.hearing.in.gov](http://www.hearing.in.gov)

## Lang manman w.

Pale ak pitit ou nan lang ki lang manman w.


### Aksyon.

Pale m sa m ap fè yo. Itilize mo pou dekri aksyon ak santiman bebe w ede bebe w aprann mo sa yo tou.



### Gade:

Pale ak bebe w



<sup>1</sup> (Trant Milyon Mo, Bati Sèvèl Timoun; Dana Suskind, M.D., p. 1, 2015.)